

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa tahapan léngkah-léngkah nu dilakukeun panalungtik dina ngumpulkeun data atawa informasi sarta ngolah data (Jonathan, 2019). Ku kituna, dina ieu bab dipedar ngeunaan (1) métode panalungtikan, (2) desain Panalungtikan, (3) data jeung sumber data, (4) prosedur / alur panalungtikan, (5) instrumén Panalungtikan, (6) téhnik ngumpulkeun data, (7) téhnik analisis data.

#### 3.1 Metode Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kuasi ékspérimen. Sugiyono (2009) nétélakeun yén métode ékspérimen mangrupa métode panalungtikan nu dipaké pikeun maluruh pangaruh lalakon pikeun nu séjén dina kondisi nu dikondisikeun.

Metode kuasi ékspérimén anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku désain *pretest* jeung *posttest*, nyaéta panalungtikan anu ditujukeun ka hiji kelompok jeung eweuh kelompok babandinganana. Métode kuasi ékspérimen tujuanana pikeun maluruh ayana sabab jeung akibat, ku cara méré *treatment* ka hiji kelompok ékspérimén.

#### 3.2 Désain Panalungtikan

Désain Panalungtikan nu digunakeun nya éta kuasi ékspérimén atawa *quasi experimental design*. *Quasi experimental design* atawa nu sok disebut kuasi eksperimen nyaéta jenis désain panalungtikan dina pamarekan kuantitatif (Isnawan, 2020). Kelas dibéré tés saméméh kagiatan pangajaran atawa *pretest* jeung dibéré tés saenggeus kagiatan pangajaran atawa *posttest* (Isnawan, 2020). Ku kituna ieu desain panalungtikan téh dilakukeun ngaliwatan sababaraha tahap nya éta *pretest*, *treatment*, jeung *posttest*.

Panalungtikan ieu ngagunakeun désain *pretest* jeung *posttest* anu dilaksanakeun ka siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung Taun Ajar 2022/2023. *Pretest* dilaksanakeun dina pangajaran ngaregepkeun dongéng saméméh ngagunakeun média *Youtube* pikeun mikanyaho kamampuh siswa di awal, *treatment* dilaksanakeun kucara ngagunakeun média *Youtube* dina stimulus

pangajaran dongéng, sedengkeun *posttest* dilaksanakeun dina pangajaran ngaregepkeun dongéng saenggeus ngagunakeun média *Youtube* pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa. Ieu desain panalungtikan dibagankeun saperti di handap.

**Tabél 3. 1** Desain Panalungtikan

O1	X	O2
----	---	----

(Arikunto, 2013)

**Keterangan:**

O1= *Pretest* atawa kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa saméméh ngagunakeun média *Youtube*.

X= *Treatment* dilaksanakeunna pangajaran ngaregepkeun dongéng ngagunakeun média *Youtube*.

O2=*Posttest* atawa kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa saenggeus ngagunakeun média *Youtube*.

**3.3 Data jeung Sumber Data Panalungtikan**

Data dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta hasil diajar ngaregepkeun dongéng siswa ngagunakeun média *Youtube* siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung. Jumlah siswa aya 33 urang, nya éta 33 urang awéwé. Anu lokasi tempatna aya di Jalan Patuha No.36, Lingkar Selatan, Kecamatan Lengkong, Kota Bandung, Jawa Barat.

**Tabél 3. 2** Sumber Data

Kelas	Lalaki	Awéwé	Jumlah
VII-D	0	33	33

**3.4 Prosedur / Alur Panalungtikan**

Dina prosedur panalungtikan aya sawatara léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

- 1) Masalah dina Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng

Léngkah munggaran saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, aya wawancara ka guru basa Sunda SMP Al-Azhar 36 Bandung ngeunaan pasualan nu karandapan ku siswa nalika pangajaran ngaregepkeun hususna dina matéri dongéng.

2) Rumusan Masalah

Léngkah satuluyna nya éta ngarumuskeun masalah dumasar kana masalah ngaregepkeun dongéng nu karandapan ku siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung.

3) Raraga Tiori

Panalungtik nangtukeun tiori anu ngarojong dumasar ieu panalungtikan.

4) Ngarumuskeun hipotésis

Panalungtik nangtukeun hipotésis, pikeun dadasar jeung jawaban awal tina panalungtikan.

5) Ngarumuskeun Instrumén

Dina léngkah ieu panalungtik ngarumuskeun instrumén dina wangun soal anu sarua antara soal dina *pretest* jeung *posttest*.

6) *Pretest*

Léngkah *pretest* nya éta pikeun mikanyaho kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa saméméh ngagunakeun média *Youtube*.

7) Ngagunakeun Média *Youtube* / Treatment

Léngkah ieu, panalungtik méré matéri stimulus ka siswa ngagunakeun média *Youtube*.

8) *Posttest*

Dina léngkah *posttest*, panalungtik ngukur kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa ngagunakeun média *Youtube*.

9) Analisis data


Léngkah ieu nya éta nganalisis atau ngolah data anu geus dilaksanakeun dina *pretest* jeung *posttest* anu diolah ngagunakeun aplikasi SPSS (*Statistical Product and Service Solution*) versi 25.

10) Kacindekan

Dina léngkah ieu, panalungtik nyieun kacindekan dumasar hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun.

## 11) Nyieun Laporan

Langkah nu pamungkas, panalungtik nyusun laporan dina wangun skripsi,. Sangkan leuwih jéntré prosedur panalungtikan di bagankeun saperti ieu di handap.



**Bagan 3. 1** Prosedur Panalungtikan

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Dumasar ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun nya éta tés. Tés anu digunakeun mangrupa tés tinulis, dina prak-prakanna panalungtikan baris dilaksanakeun *pretest* jeung *posttest* anu miboga fungsi pikeun mikanyaho pangaweruh atawa kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *youtube*.

Saméméh nyieun instrumén tés, panalungtik kudu nangtukeun kisi-kisi tés sangkan babari dina nyieun soal. Ieu di handap kisi-kisi tés anu dipaké dina panalungtikan.

**Tabél 3. 3** Kisi-Kisi Panalungtikan

No.	Aspék	Indikator	Nomor Soal	Ranah Kognitif
1.	Unsur instrinsik	a) Nyebutkeun tokoh jeung watekna. b) Nyebutkeun galur.	a) 1,2 b) 3 c) 4,5 d) 6	a) C <sub>1</sub> b) C <sub>2</sub> c) C <sub>1</sub> d) C <sub>2</sub>

No.	Aspék	Indikator	Nomor Soal	Ranah Kognitif
		c) Nyebutkeun latar (tempat jeung waktu) d) Nyebutkeun téma. e) Nyebutkeun amanat.	e) 7	e) C <sub>2</sub>
2.	Nyaritakeun Deui	f) Nyaritakeun deui eusi dongéng	f) 8	f. C <sub>2</sub>

### 3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, téknik panalungtikan nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nya éta téknik tés tulis. Téknik ngumpulkeun data (tés) nu dilaksanakeun dina pangajaran ngaregepkeun dongéng saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *Youtube*. Tés awal atawa *pretest* dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa saméméh ngagunakeun média *Youtube*. Satuluyna dibéré *treatment* atawa stimulus ngagunakeun média *Youtube*. Pamungkas tés ahir atawa *posttest* dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa saenggeus ngagunakeun média *Youtube*.

Léngkah-léngkah dina téhnik ngumpulkeun data ngawengku sababaraha tahap saperti ieu.

- 1) Ngalaksanakeun proses pangajaran ngaregepkeun dongéng teu ngagunakeun média *Youtube*.
- 2) Siswa migawé pancén nu mangrupa *pretest* tina ngaregepkeun dongéng pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa dina ngaregepkeun dongéng.
- 3) Saenggeus mikanyaho kamampuh siswa dina ngaregepkeun dongéng ngaliwatan *pretest* anu geus dilaksanakeun, panalungtik nangtukeun pakakas anu digunakeun nyaéta média *Youtube*.
- 4) Nyiapkeun matéri pangajaran jeung média *Youtube*.
- 5) Ngalaksanakeun proses pangajaran ngaregepkeun dongéng ngagunakeun média *Youtube*.

Saenggeus ngalaksanakeun proses pangajaran ngagunakeun média *Youtube*, satuluyna dilaksanakeun *posttest* pikeun mikanyaho kamampuh siswa saenggeus dibéré *treatment* naha aya béda anu signifikan atawa henteu.

### 3.7 Téhnik Analisis Data

Data nu baris diolah jeung dianalisis nya éta data kamampuh awal tina hasil tes awal atawa *pretest* jeung data kamampuh ahir tina hasil tes ahir atawa *posttest*. Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun nyaéta saperti ieu di handap.

- a) Ngumpulkeun data *pretest* jeung *posttest*, tuluy mariksa data luyu aspék kritéria ieu di handap.

**Tabél 3. 4** Rubrik Penilaian Ngaregepkeun Dongéng

No.	Aspék	Indikator	Butir Soal	Skala
1.	Unsur Instrinsik	Nyangkem sarta maham kana unsur-unsur instrinsik dongéng.	1. Saha waé palaku nu aya dina dongéng “Sireum jeung Japati”? 2. Kumaha watek palaku dina dongéng “Sireum jeung Japati”? 3. Jéntrékeun sacara singget galur dina dongéng “Sireum jeung Japati”! 4. Di mana waé latar patempatan nu aya dina dongéng “Sireum jeung Japati”? 5. Iraha waé latar waktu dina dongéng “Sireum jeung Japati”?	1-3 1-3 1-3 1-3 1-3
				1-3

No.	Aspék	Indikator	Butir Soal	Skala
			6. Naon téma dina dongéng “Sireum jeung Japati”? 7. Amanat naon nu hayang ditepikeun ku pangarang dina dongéng “Sireum jeung Japati”?	1-3
2.	Nyaritakeun deui	Nyaritakeun deui eusi dongéng ku basa sorangan.	8. Caritakeun deui dongéng “Sireum jeung Japati” ku basa sorangan!	1-4
	Jumlah			8-25

Konci Jawaban:

- 1) Saha waé palaku nu aya dina dongéng “Sireum jeung Japati”?  
3 = jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng  
2 = jawaban ngadeukeutan  
1 = jawaban salah
- 2) Kumaha watek palaku dina dongéng “Sireum jeung Japati”?  
3 = jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng  
2 = jawaban ngadeukeutan  
1 = jawaban salah
- 3) Jéntrékeun sacara singget galur dina dongéng “Sireum jeung Japati”!  
3 = jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng  
2 = jawaban ngadeukeutan  
1 = jawaban salah
- 4) Di mana waé latar patempatan nu aya dina dongéng “Sireum jeung Japati”?  
3 = jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng  
2 = jawaban ngadeukeutan  
1 = jawaban salah

- 5) Iraha waé latar waktu dina dongéng “Sireum jeung Japati”?  
 3 = jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng  
 2 = jawaban ngadeukeutan  
 1 = jawaban salah
- 6) Naon téma dina dongéng “Sireum jeung Japati”?  
 3 = jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng  
 2 = jawaban ngadeukeutan  
 1 = jawaban salah
- 7) Amanat naon nu hayang ditepikeun ku pangarang dina dongéng “Sireum jeung Japati”?  
 3 = jawaban lengkep tur luyu jeung téks dongéng  
 2 = jawaban ngadeukeutan  
 1 = jawaban salah
- 8) Caritakeun deui dongéng “Sireum jeung Japati” ku basa sorangan!  
 4 = jawaban lengkep tur luyu jeung jeung téks dongéng  
 3 = jawaban kurang lengkep tapi luyu jeung téks dongéng  
 2 = jawaban singget ampir ngadeukeutan kanu sabenerna  
 1 = jawaban salah (teu luyu jeung teu lengkep)
- b) Méré peunteun tina hasil *pretest* jeung *posttest*, kalawan ngagunakeun rumus ieu di handap.

**Tabél 3. 5** Cara Meunteun

$$P = \frac{\sum Skor\ siswa}{\sum Skor\ Maksimal} \times 100$$

- c) Ngasupkeun data peunteun *pretest* jeung *posttest* kana tabél ieu di handap.

**Tabél 3. 6** Kamampuh Ngaregepkeun Dongéng Saméméh jeung Saenggeus Ngagunakeun Média Youtube

No.	Wasta	Nomor Soal								Peunteun	Kategori
		1	2	3	4	5	6	7	8		
1.											
2.											
3.											



<b>Jml</b>										
<b>Rata-rata</b>										

d) Katégori Meunteun

**Tabél 3. 7** Katégori Meunteun

Peunteun	Katerangan
Peunteun > 80	Siswa dianggap tuntas ngaregepkeun dongéng ngagunakeun média <i>Youtube</i> .
Peunteun < 80	Siswa dianggap can tuntas ngaregepkeun dongéng ngagunakeun média <i>Youtube</i> .

### 3.7.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji hipotésis. Dina uji normalitas nyaéta pikeun mikanyaho naha data miboga distribusi normal atawa henteu, sarta diuji ngagunakeun aplikasi SPSS (*Statistical Product and Service Solution*) versi 25. Uji hipotésis nyaéta pikeun mikanyaho naha aya béda nu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *Youtube*.

#### 3.7.1.1 Uji Normalitas

Uji Normalitas nya éta data nu diuji pikeun ngukur naha data miboga distribusi normal atawa henteu, anu bisa digunakeun ngaliwatan statistik (Sutha, 2021). Tujuan uji normalitas nya éta pikeun mikanyaho data nu dihasilkeun miboga distribusi normal atawa henteu (Sudaryono, 2021). Pikeun ngolah data aya dua cara nya éta ngagunakeun métode *Kolmogorov-smirnov* jeung métode *Shapiro Wilk*. Anapon hipotésis pikeun nguji normalitas saperti ieu di handap.

$H_0$  = distribusi data normal

$H_1$  = ditribusi data teu normal

Panalungtikan ieu ngagunakeun métode *Shapiro Wilk*, kusabab jumlah data ti unggal kelompok < 50. Kalawan ngagunakeun kritéria saperti ieu di handap.

$H_0$  = ditarima, saupama nilai signifikan ( $\text{sig}$ )  $> 0,05$

$H_1$  = ditarima, saupama nilai signifikan ( $\text{sig}$ )  $< 0,05$

### 3.7.1.2 Uji Hipotésis

Uji Hipotésis nya éta rumusan sementara ngeunaan hiji hal nu dijieun pikeun ngarahkeun panalungtikan satuluyna (Umar, 2021). Uji hipotésis bisa dilakukeun ngagunakeun dua cara, nu kahiji ngagunakeun hipotésis *Uji Paired Sample Test*, *Uji Paired Sample Test* dilakukeun saupama dina uji normalitas nuduhkeun data distribusi normal. Nu kadua ngagunakeun hipotésis *Uji Wilcoxon*, *Uji Wilcoxon* dilakukeun saupama dina uji normalitas nuduhkeun hasil data distribusi teu normal.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna uji hipotésis bisa ditingali dumasar kriteria ieu di handap.

( $H_0$ ) / (Hipotésis Nol) :teu aya béda nu signifikan kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *Youtube*.

( $H_1$ ) / (Hipotésis Alternatif) :aya béda nu signifikan kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-D SMPI Al-Azhar 36 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *Youtube*.